

Kesyon nouvo Sondaj Fanmi NCSEAM (NCSEAM Family Survey Questions)

Sondaj pou Fanmi NCSEAM an, ke yo konn rele tou Sondaj sou Rezilta pou Fanmi yo (Family Outcomes Survey), distribiye nan mwa Oktòb ak Mas chak ane. Sondaj sa a, yo itilize li pou kolekte enfòmasyon sou Rezilta¹ fanmi yo panse jwenn paske yo te patisipe nan Entèkansyon bonè (Early Intervention, EI) lan.

Fanmi ki gen timoun ki te enskri nan Entèkansyon bonè (EI) pandan omwen sis (6) mwa e ki pa t ranpli okenn sondaj pandan distribisyon ki te fèt dènyèman yo ta dwe ranpli yon sondaj. Sondaj sa a disponib sou Entènèt nan lang Arab, Chinwa, Anglè, Kreyòl-ayisyen, Pòtigè ak Panyòl. Fanmi ki kalifye yo ki kapab ranpli sondaj la sou Entènèt ap resevwa yon kòd inik kowòdonatè sèvis la ap ba yo ke yo kapab itilize yonsèl fwa. Moun ki pa ka ranpli sondaj la sou Entènèt ka mande yon vèsyon papyè, ki disponib nan lang Anglè, Kreyòl ayisyen, Pòtigè ak Panyòl. Kowòdonatè sèvis yo pral bay yon sondaj ak yon feyè nan lang fanmi an pi pito ansanm ak yon anvlòp pou voye li tounen nan kourye lapòs lè ou fini ranpli sondaj la, epi adrès ou make sou anvlòp la epi gen tenmb sou anvlòp la deja.

Sondaj ane sa a gen de (2) nouvo kesyon. Toude kesyon yo fèt pou prezante angajman sistèm nou an anfavè ekite ak eliminasyon disparite nan sèvis yo pou tout fanmi yo.

Premye kesyon an mande nan ki vil fanmi an ap viv. Enfòmasyon sa a pral di Divizyon Entèkansyon bonè an kijan repons yo koresponn ak distribisyon jeyografik fanmi ki enskri yo.

Dezyèm kesyon an pral ede sistèm nou an konprann pèsepsyon fanmi yo si oswa kijan ras, koulè, lang, oswa etnisite enpakte sèvis yo bay nan Entèkansyon bonè (EI). Divizyon EI ak pwogram sèvis Entèkansyon bonè yo pral itilize enfòmasyon sa yo pou kontinye travay ansanm pou elimine inegalite yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Sondaj pou Fanmi NCSEAM an, tankou poukisa yo itilize li ak sa yo fè ak enfòmasyon yo von konnen yo, fanmi yo ka pale ak kowòdonatè sèvis yo ak ekip Pwojè Entèkansyon Bonè Lidèchip Paran (EIPLP) an. Founisè yo pa ta dwe ezite kontakte EIPLP la oswa espesyalis rejyonal yo nenpòt kilè. Epi tou tcheke sit entènèt EIPLP la nan www.eiplp.org anba Resous Sondaj pou Fanmi an.

¹ [Aprann plis sou Rezilta yo](#)